



Pou Piblikasyon Imedya: 21/11/2022

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE KANPAY SEKIRITE NAN SIKILASYON LAPOLIS
ETA A PANDAN WIKENN AKSYON DEGRAS 2022 LA**

Lapolis Eta a ak lapolis lokal la pral ogmante patwouy yo pou anpeche moun ki gen kapasite afebli oswa ki agresif kondui pandan peryòd fèt la

Fèmti vwa ki gen rapò ak konstriksyon yo limite soti 6 a.m. nan mèkredi 23 novanm jiska 6 a.m. nan lendi 28 novanm pou fasilite vwayaj nan jou fèt la

Jodi a, Gouvènè Kathy Hochul te anonse Lapolis Eta New York ak lapolis lokal la pral patisipe nan yon inisyativ sekirite sikilasyon espesyal pou anpeche konpòtman kondui ki gen danje yo pandan sezon fèt ivè a ap kòmanse. Inisyativ wikenn Aksyon Degras (Thanksgiving) la ap fèt mèkredi 23 novanm rive dimanch 28 novanm.

"Jou Aksyon Degras la se youn nan epòk pandan ane a ki pi frekante, epi priyorite prensipal nou se asire tout moun ale nan destinasyon yo ak tounen an sekirite", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Gen zewo tolerans pou chofè ki sou ak gen kapasite afebli ki riske lavi tout moun sou wout nou yo. "Si selebrasyon Aksyon Degras ou yo gen ladan alkòl, planifye pou jwenn yon woulib pou tounen lakay nan men yon chofè ki pa bwè."

Nan efò pou fasilite vwayaj pandan wikenn Aksyon Degras ki mouvman anpil la, fèmti tanporè vwa yo pou pwojè konstriksyon wout ak pon yo sou otowout Eta New York yo pral sispann nan 6 a.m. nan mèkredi 23 novanm, pou rive 6 a.m. nan lendi 28 novanm. Nou enfòm otomobilis yo gen kèk travay ki ka kontinye dèyè baryè beton pèmanan yo pou reparasyon ijans. Sispannyon konstriksyon yo aliyen avèk Inisyativ Chofè Yo An Premye (Driver's First) Eta New York la, ki priyoreze komodite otomobilis yo pou minimize anbouteyaj nan sikilasyon an ak reta nan depasman yo akòz travay nan pon ak sou wout yo.

Sirentandan Enterimè Lapolis Eta New York la, Steven A. Nigrelli, te deklare, "Amezi otomobilis yo ap kondui sou tout wout nan eta a, pou ale wè fanmi ak zanmi yo pandan wikenn fèt Aksyon Degras la, nou ankouraje yo pou yo priyoreze pratik kondui san danje. Lè nou kondwi avèk kapasite afebli epi yon fason agresif, eksè vitès, san sèvi ak kontrent sekirite ak voye tèks pandan n ap kondwi, tout sa yo lakòz plizyè dizèn blese ak lanmò san sans. Lapolis Eta a pran angajman pou rann wout nou yo pi an

sekirite epi ansanm, nou kapab asire ke tout moun gen yon fèt Aksyon Degras ki san danje ak nan kè kontan".

Prezidan Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Komisè Depatman Veyikil a Motè a, Mark J.F. Schroeder, te deklare, "Nou vle tout moun k ap vwayaje pou ale wè fanmi ak zanmi yo pou yo rive nan destinasyon yo an sekirite epi sa ap rive fèt lè nou evite kondui avèk neglijan ak kapasite afebli. Kondui ak kapasite afebli mete ou menm, pasaje ou yo ak tout sila yo ki sou wout la an danje. Anpeche yon evènman trajik pandan Aksyon Degras sa a nan kondui ak tèt klè".

Komisè Depatman Transpò (Department of Transportation, DOT) Eta a, Marie Therese Dominguez te deklare, "Wout nou yo okipe espesyalman pandan Jou Aksyon Degras la, epi pou nou ka fè vwayaj yo pi fasil ak pi an sekirite pou tout moun, nou pral sispann aktivite konstriksyon yo pandan wikenn fèt la amezi ajans ki fè respekte lalwa konsantre efò yo sou mezi sekirite wout yo. Nou tout vle ale nan rasanbleman fanmi nou yo ak lòt selebrasyon an sekirite, se poutèt sa nou bezwen pou otomobilis fè pati yo epi egzèse bon jijman dèyè volan an. Sa vle di swiv règ wout la, evite kondwi ak kapasite afebli oswa distrè, epi pa gade telefòn ou. Lè w responsab ak vijilan pandan w ap kondwi, se yon bon fason pou w montre rekonesans pou sekirite piblik ak pou sekirite pèsonèl tout moun".

Direktè Egzekitif Otorite Thruway Eta New York, Matthew J. Driscoll, te deklare, "Fèt Aksyon Degras la se youn nan peryòd vwayaj ki pi chaje nan ane a epi nou ankouraje otomobilis yo pou yo kondui san danje, ralanti epi mete yo akote lè yo wè machin ijans ak antretyen sou wout la. Lè chofè yo pran desizyon ki pa sekirite dèyè volan, yo mete lavi moun an danje. Nou remèsye Lapolis Eta New York paske yo fè patenarya avèk nou pou kenbe Thruway youn nan otowout ki pi an sekirite nan nasyon an".

Otorite Thruway (Thruway Authority) la raple otomobilis yo ke nèf zòn sèvis yo fèmen epi yo an konstriksyon nan kad [pwojè](#) investisman prive ak modènizasyon 450 milyon dola a. Sèvis kabiran yo rete ouvri nan tout lokal yo. Pou asire kontinuite sèvis pou kliyan Thruway yo pandan konstriksyon an, pa gen okenn zòn ki gen de sèvis konsekitif k ap fèmen nan menm direksyon vwayaj la pou renovasyon an menm tan. Otomobilis yo ka wè zòn sèvis yo epi planifye arè yo sou [sit entènèt](#) Otorite Thruway la ak sou [aplikasyon mobil](#) gratis la.

Lapolis Eta a (State Police) pral konplete patwouy regilye yo atravè tout eta a avèk patwouy ki rezève pou moun k ap kondui ak kapasite afebli, sa gen ladan ekspè nan rekonesans dwòg, pwèn kontwòl fiks pou tcheke si moun nan pa sou, aplikasyon lalwa pou timoun minè ki bwè alkòl, aplikasyon lalwa pou eksè vitès, ak itilizasyon veyikil patwouy ki Kache Idantite Lapolis Sikilasyon yo (Concealed Identity Traffic Enforcement, CITE) pou ofisye yo ka pi byen idantifye chofè k ap pale oswa k ap voye tèks sou aparèy pòtab yo. Veyikil san mak sa yo ap kamoufle nan sikilasyon chak jou yo men yon fwa limyè ijans lan aktive moun ka rekonèt yo byen fasil tankou veyikil ijans.

An jeneral volim sikilasyon an plis pandan wikenn fèt Aksyon Degras la. Li se yon tan tou kote konsomasyon alkòl la trè pwopaje. Pandan peryòd fèt Aksyon Degras 2021 an, yo te bay 12,975 kontravansyon an total. Lapolis Eta a te arete 183 chofè ki t ap kondwi anba enfliyans (DWI), yo te bay 4,609 kontravansyon pou eksè vitès ak 340 kontravansyon pou chofè ki distrè dèyè volan.

Pou dekouraje moun k ap kondwi avèk kapasite afebli, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè (Governor's Traffic Safety Committee, GTSC) a ak patnè li yo pral patisipe nan yon mouvman rezo sosyal nan tout peyi a avèk hashtag #BoycottBlackoutWednesday.

Se Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ki finanse inisyativ kont kondwi ak kapasite afebli pandan Fèt Aksyon Degras la. Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Fondasyon STOP-DWI Eta New York la ap raple otomobilis yo tou ke [aplikasyon mobil "Have a Plan"](#) yo an disponib pou telefòn entèlijan Apple, Android ak Windows. Aplikasyon an ap pèmèt moun New York yo lokalize epi rele yon sèvis taksi oswa sèvis pataj machin epi pwograme yon lis chofè yo chwazi. L ap bay enfòmasyon tou sou lwa ak sanksyon kont DWI yo, epi li bay yon fason pou moun rapòte yon chofè ke yo sispèk ap kondwi pandan li anba enfliyans alkòl oswa dwòg.

Si w kondwi sou oswa anba dwòg, ou pa sèlman riske lavi w ak lavi lòt mou, men ka mennen nan arestasyon, tan prizon, ak gwo amann ak frè avoka. Yon arestasyon poutèt w ap kondwi apre w fin bwè alkòl, an mwayèn koute jiska \$10,000.

Chofè ke yo arete tou sou oswa dwoje yo ap fè fas a pèt lisans chofè yo, pi gwo tarif asirans yo, ak plizyè douzèn depans ke yo pa te prevwa pou frè pou avoka yo, amann ak depans pou tribinal yo, remokaj ak reparasyon machin yo, ak pèt tan nan travay yo.

Lapolis Eta New York la, Komite Sekirite Sikilasyon Gouvènè a ak Administrasyon Sekirite Sikilasyon Otowout Nasyonal (National Highway Traffic Safety Administration, NHTSA) la rekòmande konsèy senp sa yo pou evite kondwi ak kapasite afebli:

- Planifye yon fason pou retounen lakay ou an sekirite anvan ou kòmanse pran plezi w;
- Avan w bwè chwazi yon chofè ki p ap bwè pou kondwi.
- Si kapasite w afebli, pran yon taksi oswa yon sèvis machin pataje, rele yon zanmi oswa manm fanmi ki pa gen kapasite afebli, oswa itilize transpò piblik.
- Itilize pwogram woulib nan men moun ki pa bwè alkòl ki genyen nan kominote w la;
- Si ou ta remake yon chofè ki sou oswa ki anba enfliyans alkòl sou wout la, pa ezite kontakte biwo lapolis lokal la.
- Si w konnen yon moun ki pral kondwi machin oswa moto pandan li nan yon kapasite afebli, pran kle li epi ede l fè lòt aranjman pou li rive kote li prale a an sekirite.

###

Lòt nouvèl disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418